# SAXNALÍQ HÁREKETLERDI JETILISTIRIW USÍLLARÍ

**B.Z.BAXIEVA** – *oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** teatr, spektakl, aktyor, tamashagóy, etyud, háreket.
**Ключевые слова:** театр, спектакль, актёр, зритель, этюд, движение.
**Key words:** theater, the spectacle, the actor, the viewer, etyud, movement.

Biz saxnalıq háreketlerde, aktyorlıq sheberlikti jetilistiriwde etyudlardıń, hár qıylı shınıǵıwlardıń paydalı tárepleri haqqında kóp esitkenbiz. Bul pikirdi ele de tereńirek tallap qaraǵanımızda hárbir atqarıwshı saxnalıq háreketlerinde qanday jol menen bolmasın tamashagóylerdiń dıqqatın ózine kóbirek tartqısı keletuǵının, yaǵnıy hárbir aktyor ózin kórsetiwge talaplanatuǵının kóriwge boladı. Bul ásirese hárekettiń sırtqı texnikalıq kórinisine itibar berip, onıń logikalıq mánisine sáykesligin esapqa alıwdıń nátiyjesinde kelip shıǵadı. Bunday jaǵdaylarda aktyor tamashagóylerdiń kewlinen shıǵıw ushın oylanıp, olardı kúldiriwi yaki tańlandırıwı múmkin, biraq qurǵaq yamasa logikalıq mánige iye bolmaǵan háreketler haqıyqıy aktyorlıq sheberliktiń ósiwine járdem bere almaydı, kerisinshe oǵan kesent etedi. Aktyorlar óz ústinde hár qıylı temalarda, mazmunı bay etyudlar, shınıǵıwlar qanshelli kóp islese sonshelli paydalı. Degen menen K.S.Stanislavskiy óz táliymatında etyudlardıń tek sanına qızıǵıp qoymastan, olardıń sapasına ayrıqsha itibar beriwdi másláhát etedi, yaǵnıy, hárbir etyud saxnalıq hárekettiń sapasına baslı dıqqat awdarılıwı kerek. Hár qıylı temalardaǵı etyudlardı ústirtin, jeńil-jelpi islep, jáne taza etyudlar izlegennen góre, bir etyudtıń ózin hár qıylı variantta bir neshe ret tákirarlap onıń barlıq elementlerin jetilistirip, qálpine keltirip islegen oqıwshılardıń sheberligin asırıwǵa úlken járdem etedi. Yaǵnıy, islegen etyudlardıń sanına emes, al onıń sapalı bolıp shıǵıwına itibar beriliwi zárúr. Bolajaq aktyor yamasa teatr ónerine qızıǵıwshı háweskerlerdi spektakldegi rollerdi oynawǵa tayarlawda olarǵa birden sol róldegi sózlerdi yadlatıp, saxnaǵa shıǵarıp oynatıw qıyın ekenligi túsinikli. Sonlıqtan olarǵa eń aldı menen saxna háreketiniń qaǵıydaların izbe-izlik penen ápiwayı, haqıyqıy turmıstaǵıday háreket etiwge, sóylewge qasındaǵı sherikleri menen kúndelikli ómirdegidey múnásibet jasawǵa úyretip barıw lazım.

Hárbir aktyor óz sheberligin asırıw, onı jetilistirip barıwı ushın óz ústinde, ról ústinde kóbirek jumıs islewi talap etiledi. Ayırım adamlar, kópshilik aldında úlken jıyınlarda, biytanıs adamlar aldında sóz sóylewde, lekciya yamasa doklad oqıwda, qosıq aytıwda, qullası, saxnalıq háreket islewde birden kirisip kete almaydı, yaǵnıy, auditoriyaǵa tamashagóyler zalına úyrenispegen adam dáslepki waqıtları albırap, denesindegi ózi sezbegen qattılıqtı bosastıra almaydı. Bul qattılıq óz gezeginde sol adamnıń yaǵnıy, aktyordıń saxnada emin-erkin háreket etiwine, sóylewine kesent etedi. Sonlıqtan dene qattılıǵın bosastırıw, saxnada ózin emin-erkin uslay biliw aktyordıń saxnalıq háreketlerindegi baslı shártleriniń biri bolıp tabıladı. Onıń ushın hárbir shınıǵıwda, etyudlarda erkin háreket etiwge, kúndelikli turmıstaǵıday ápiwayı háreket-qıymıl jasawǵa úyrenip barıw kerek.

Sonıń menen birge sport túrlerinde, oyın hám qıymıllarda kóbirek plastikalıq jumsaq háreketlerge itibar beriw aktyor denedegi fizikalıq qattılıqtı tarqatıwǵa, bosastırıwǵa birqansha járdem etedi. Dene qattılıǵı hárbir adamnıń ishki oy-sezimi menen de tikkeley baylanıslı. Máselen aktyor saxnaǵa shıqqan waqtında zalda tolıp otırǵan adamlardı kórip onnan tartınıw, qısınıwı múmkin al bunıń nátiyjesinde aktyordıń denesinde qattılıq payda boladı. Sonlıqtan bul jerde aktyor Stanislavskiy táliymatın durıs qollana biliwi kerek, óz-ózin saxnada tórt diywal ishindemen, zal menen saxna arasında diywal barday seziwi, sonıń menen birge ol óziniń saxnada ekenligin, zaldaǵı tamashagóyler spektakldi, aktyordı kóriwge kelgenligin aktyor sol tamashagóyler ushın oynap atırǵanlıǵın esten shıǵarmawı kerek. Teatr tilinde bunday jaǵday paradoks aktyor yamasa aktyordıń ishki qarama-qarsılıǵı dep ataladı. Birin-biri biykarlaytuǵın usınday eki jaǵdayda aktyordıń teń salmaqlılıqtı saqlay alıwı onıń ishki oy-sezimi menen fizikalıq denesi arasındaǵı organikalıq baylanıstı kúsheytip, dene háreketiniń sırtqı kórinisiniń plastikasına unamlı tásir etedi yaǵnıy, aktyor ishki oy-sezimindegi hám denesindegi qattılıqtı bosastıra aladı.

Aktyor denesindegi qattılıqtı bosastıra biliwi, ol óziniń ishki sezimin hám saxnadaǵı júris-turıs háreketlerin emin-erkin atqara alıwı menen tikkeley baylanıslı. Sebebi adamnıń ishki-

seziminiń ózgerisi onıń háreketleriniń sırtqı kórinisine yağnıy, aktyorlıq elementlerge tez tásir kórsetedi. Aktyor saxnada eń aldı menen rejissyordıń kórsetken mizanscenasına boysınıwı shárt. Sebebi waqıya hádiyselerdiń rawajlanıwı, keskinlesiwi, sheshimi, obrazlardıń ashılıwın aktyorlardıń sheberlik usılların tamashagóyler tiykarınan mizanscenanıń qolaylıǵı arqalı ǵana kóre aladı. Mizansenadaǵı háreketlerdiń temp-ritm saqlawǵa, aktyordıń ózin rolge tayarlawǵa, obrazǵa kiriwge, hár qıylı xarakterlerge túrleniwiniń dáslepki hám qıyın basqıshı bolıp esaplanadı. Aktyor saxnada sóylemey, háreket islemey, qıymıldamay bir orında turıwı múmkin. Biraq onıń ishki oy-sezimi islep turadı. Ol sóylemese de tamashagóyler onıń oy-sezimin sezedi, túsinedi. Sonıń ushın Stanislavskiy óz táliymatında aktyorlardıń ishki sezimi menen sırtqı háreket kórinisleriniń organikalıq birligine úlken áhmiyet beredi, ayırım aktyorlardıń sırtqı kóriniske beriliwine qarsı gúresedi, qaharmannıń ishki dúnyasın, xarakterin ashıp beriwdi baslı etip qoyadı. Geybir jaǵdaylarda aktyorlar ózleriniń sırtqı kelbeti, kórinisi - máselen qıysıq murın, qıpılıq kóz yamasa barmaqlarınıń ersi qıymılları arqalı obrazdıń xarakterin ashıp beriwi múmkin. Biraq hárqanday jaǵdayda da ishki sezim menen organikalıq baylanıs saqlanıwı shárt yağnıy, sırtqı qıymıl háreketlerdiń kórinisleri obrazdıń ishki dúnyasın qaharmannıń oy-pikirin, sezimlerin ashıp beriwge járdemlesiwi tiyis.

Stanislavskiy óziniń kóp jıllıq pedagogikalıq tájiriybesi tiykarınan jazıp qaldırǵan. Aktyordıń óz ústinde islewi atlı táliymatında, aktyorlardıń obraz dóretiwge tayarlıǵı yağnıy saxnaǵa shıǵar aldındaǵı jaǵdayı tuwralı aktyor teatr bosaǵasın atlap, óz grimxanasına keliwi menen onıń barlıq oy-pikiri, ıqlası rólge yağnıy obrazǵa kiriwi zárúrligi haqqında aytadı. Aktyor kiyinip yaki grimlenip atırǵanda da onıń tulǵası, sırtqı kórinisin ózi dóretpekshi bolǵan qahramanına uqsas bolıwın oylawı lazım. Onıń júris-turıs qıymıl elementleri, sherikleri menen qarım-qatnas múnásibetleri, sóz háreketi hám sóylew texnikası, háreketleriniń plastikası, ritm, manerası sol qaharmannıń kelbetin sáwlelendiriwi lazım yağnıy aktyor ózin Stanislavskiy miynetiniń usı bóliminde tábiyattıń yağnıy jaratılıstıń hárbir adamǵa bergen artistlik uqıpları, shınıǵıwlar, úyreniwler arqalı sol artistlik texnika elementlerin rawajlandırıw, jetilistiriw jolları, saxnalıq procesler, saxna sırların úyreniw usılları tuwralı keń túrde hár tárepleme túsinikler beredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. Qobilov N. Dadamirzayev O. Dramatik teatr va kino aktyorligi mahorati. – Toshkent. 2018.
2. Mahmudov J. Aktyorlik mahorati. O‘quv qo‘llanma. Toshkent-2005.
3. Qodirov R. Aktyorlik mahorati. O‘zDSMI. Toshkent – 2017.
4. Stanislavskiy K.S. Aktyorning o‘z ustida ishlashi - T.: “Yangi asr avlodi”, 2011.
5. J.Jumanov, Á.Bekimbetova – “Aktyor sheberligi tiykarları” Nókis-2017.



**REZUME.** Bul maqalada hárbir aktyor óz sheberligin asırıw, onı jetilistirip barıwı ushın óz ústinde, ról ústinde kóbirek islewi haqqında sóz etilgen. Jáne de hár qıylı temalardaǵı etyudlardı ústirtin, jeńil-jelpi islep, jáne taza etyudlar izlegennen góre, bir etyudtıń ózin hár qıylı variantta birneshe ret tákirarlap onıń barlıq elementlerin jetilistirip, qálpine keltirip islegen oqıwshılardıń sheberligin asırıwǵa úlken járdem etedi yağnıy islegen etyudlardıń sanına emes, al onıń sapalı bolıp shıǵıwına itibar beriliwi zárúr haqqındaǵı maǵlıwmatlar orın alǵan.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье говорится о том, что каждый актёр превышает свое мастерство, реализует его не только над собой, но и над ролью. Вместо того, чтобы усиливать, облегчать и искать чистые произведения на художественные темы, мы уделяем большое внимание не количеству произведений, а их качеству, раз и несколько раз повторяя все их элементы в художественном варианте.

**SUMMARY.** This article discusses the importance of an actor's ability to transcend his or her skill, to achieve it, and to learn more about himself and his or her role. It is not the number of essays, but the quality of the essays that is given great attention, rather than the search for easy, easy and clean essays, the emphasis is on improving the skills of the students who try to reproduce all the elements of the same essay in a quality variant several times.